INTERNATIONAL JOURNAL OF RECENTLY SCIENTIFIC RESEARCHER'S THEORY
International scientific journal
ISSN: 2992-8885
VOLUME: 2 ISSUE: 8

# И.ЮСУПОВТЫҢ «БҮЛБИЛ УЯСЫ» ПОЭМАСЫНДА ҚУСЛАР ОБРАЗЫНЫҢ ЖАСАЛЫЎЫ

**Арзыев Шарапатдин Абдирахманович**
*Әжинияз атындағы НМПИ Қарақалпақ әдебияты кафедрасының еркин излениўшиси*

***Резюме***: *Бадиий адабиётда, айниқса шеъриятда қушлар ва жониворлар образи асарнинг ғоясини ёритиб беришде муҳим аҳамият касб этади.*

*Ушбу мақолада таниқли шоир И.Юсуповнинг "Булбул уяси" поэмасида қушлар образининг лирик образ сифатида шаклланиши, унинг асар мазмунига таъсири масаласи ўрганиб чиқилган.*

*Шунингдек, қушлар образининг кўплаб бадиий образлар қатори бадиий асарларда талқин этилиши, образ яратишда ижодкорларнинг ўзига хос маҳорати ҳақида сўз юритилади.*

***Tayanch so'zlar***: *адабиёт, поэзия, қушлар образи, классика, шоир.*

***Резюме:*** *В художественной литературе, особенно в поэзии, важную роль в объяснении идеи произведения играет образ птиц и животных.*

*В данной статье исследуется формирование образа птиц как лирического образа в стихотворении «Соловьиное гнездо» известного поэта И. Юсупова, и его влияние на содержание произведения.*

*Также обсуждается трактовка образа птиц в произведениях искусства, наряду со многими художественными образами, и уникальное мастерство создателей в создании образов.*

***Ключевые слова:*** *литература, поэзия, образы птиц, классика, поэт*

***Resume:*** *In fiction, especially in poetry, the image of birds and animals plays an important role in explaining the idea of a work. This article examines the formation of the image of birds as a lyrical image in the poem "The Nightingale's Nest" by the famous poet I. Yusupov, and its influence on the content of the work.*

*The interpretation of the image of birds in works of art, along with many artistic images, and the unique skill of the creators in creating images is also discussed.*

***Key words:*** *literature, poetry, images of birds, classics, poet*

XX әсирдиң екинши ярымынан баслап қарақалпақ поэзиясының раўажланыўы барысы И.Юсуповтың дөретиўшилиги менен тиккелей байланыслы. Шайыр пүтин дөретиўшилик өмири даўамында қарақалпақ көркем әдебиятында, әсиресе, поэзияда ең көзге көринген талант ийеси болды. Оның поэзиясы терең лиризми, жоқары шеберлик, жанрлық көп түрлилиги менен характерленеди. Шайыр қарақалпақ лирикасын жанрлық жақтан еле де раўажландырды, жетилистирди. Қарақалпақ поэзиясының әсирлер даўамында қәлиплескен дәстүрлерин дүнья әдебияты дәстүрлери менен синтезледи, жана жанрлық түрлерди ҳәм көркем формаларды алып кирди. И.Юсупов дөретиўшилиги арқалы қарақалпақ поэмашылығы көп түрлиликке ийе болды.

Шайыр өз оқыўшыларына жигирмадан аслам поэзиялық топламын, оннан аслам поэмаларын усынды. Ол тек шайыр болып қалмастан әжайып прозалық ҳәм драмалық шығармалар да дөретти, әдебияттаныў илиминиң ҳәр қыйлы проблемаларына қурылған сын мақалалар жәриялады. Шайыр дөретпелери орыс, өзбек, қырғыз, қазақ, башқурт ҳәм басқа тиллерге аўдарылып, миллий көркем сөзимизди дүньяға танытты. Ол орыс ҳәм басқа дүнья әдебияты классиклериниң, түркий тиллес халықлар сөз шеберлериниң шығармаларын қарақалпақ тилине аўдарып, жәмийеттиң көркем-эстетикалық дүньясын байытыўға салмақлы үлес қосты.

Қарақалпақ әдебияттаныў илиминде И.Юсупов дөретиўшилиги белгили дәрежеде үйренилди, ол бойынша бир қанша мақалалар жазылды, диссертациялар жақланды ҳәм монографиялар баспадан шықты. Деген менен, шайыр шығармаларының поэтикасын еле де тереңнен үйрениў, көркем шығармалардағы дәстүрий ҳәм шайырдың жеке дөретиўшилигине тән сүўретлеў усылларын, лирикалық қаҳарман образларын жасаўдағы өзине тән айырмашылықларын үйрениў қарақалпақ әдебияттаныў илиминде әҳмийетли мәселелердиң бири болып қалабереди. Себеби уллы шайырдан өзинен кейинги әўладқа көркем сөз дүньясының үлкен көлемдеги бийтәкирар мийрас қалды.

«Поэзия тек ғана пайдалы болып қалмастан соның менен бирге ол тартымлы да болыўы керек».[1] Усы көз қарастан алып қарағанда шайыр И.Юсупов өзиниң шығармаларында тәбияттың әжайып картиналарын шеберлик пенен сүўретлеп қоймастан, қуслардың сайраған даўысларына, сулыў ҳәрекетлерине шекем (бүлбил, торғай) итибар қаратып, оқыўшының қәлбин сыйқырлап қояды. Бул нәрсе дөретиўшиниң қосықларында ғана емес, көлемли поэмаларында да ушырасады.

«Бүлбил уясы» поэмасы И.Юсупов дөретиўшилигинде тартымлы сюжети, шебер қурылған копозициясы ҳәм образлар дүньясының ранбе-рәңлиги менен айрықша орынға ийе дөретпе. Шайыр поэмада бузылған бүлбил уясы деталы арқалы екинши жер жүзлик урыс дәўиринде ашық ярдан, бала атадан, ата баладан айырылып, «Егер түсип кетсем, жуўапкерсең сен!» деп шүйкилдеп турған палапандай меҳирге зар болып қалған миллион-миллион шаңарақлардың аянышлы аўыр тәғдирин тымсаллық жобада рәмзий түрде сәўлелендиреди. Шайыр бул символикалық сюжеттеги шеңгелге уя басқан сайрағыш бүлбил қус, бузылған уя, ызғырық аяз, сол аязда палапанын аман алып қаламан деп қатып өлген ана бүлбил, жетим қалған сары тумсық палапан деталлары арқалы

[1] Серман И.З. Гаврила Романович Державин. Л., 1967. Ст-25

урыстың инсанның гөззал, бахытлы турмысына алып келген аўыр ақыбетлерин көрсете отырып, адамларға өмирдиң гөззал жаратылыс екенлигин уғындырыўға умтылады, солай етип, оларды өмирдиң қәдирин билиўге, қорғаўға, инсаният өмири, келешеги алдында жуўапкер екенлигин сезиниўге шақырады:

Дүнья деген арасатлы, топанлы,
Оғыры ҳүрейли, еси алаңлы,
Ол қәўип-қәтерли шеңгел астында
Қурық басқан бүлбилдиң уясы яңлы.

Бузыўға қаст етип даўыллар келер,
Сел буршағын айдап жаўынлар келер,
Сағаллар сүйкенер,
Жылан өрмелер,
Көз-қулақ болмасақ биз оған егер[2].

Поэмадағы бул идея усы рәмзий мәнидеги бүлбил уясының турмыслық тийкары болған урыс дәўиринде ер азаматлары Ўатан қорғаў ушын фронтқа кетип, гилең қыз-келиншеклери, жас балалар, кемпир-ғаррылар менен жарты болып қалған, бирақ бир тилек, бир нийет пенен жақсы күнлерден үмит етип жасап атырған аўыл адамлары шаңарақларының аўыр тәғдирлерин сүўретлеў арқалы ашып бериледи.

Бунда усы тийкарғы идеяны алып жүриўши қаҳарманлар сыпатында «бүлбил» лақаплы муғаллим жигит, оның жас келиншеги ҳәм лирикалық қаҳарман образлары жаратылған.

Поэма ўақыяларының барлығы дерлик лирикалық қаҳарманның көз алдында айырым ўақытларда оның ўақыяға тиккелей араласыўы ҳәм қатнасыўында болып өтеди. Жигит ағасы урысқа кеткенде, оның аша таяғын мийрас етип алып, ағасы орнында атызда ислеп қалған жас бала-лирикалық қаҳарманның ким екенлиги поэма басланыўдан ақырына дейин сюжеттиң уйтқысы сыпатында ҳәр жер-ҳәр жерде қәсийетли гәўҳар тастай жылт-жылт еттирилип сүўретленип барылатуғын бүлбил ҳәм бүлбил уясының ҳәр қыйлы ҳалатына (уяның бузылар алдындағы жағдайына, палапанның жерге түсип кеткен қыйын аўҳалына, палапанын қорғайман деп суўыққа қатып өлген ана бүлбилге, бузылған уяда жетим қалған сары тумсық жас палапанға) қатнасы

[2] Юсупов И.Таңламалы шығармалары. III том. Нөкис., «Билим». Б-335

арқалы ашып бериледи. Бул көринислерде лирикалық қаҳарман ҳақ көкирек, мийирман, үлкен гуманистлик сезимлер ийеси сыпатында көзге тасланады. «Қаныңдай шырайлы шеңгел гүллери!» деп шеңгелин-гүл, ғарғасын бүлбил деп билген шайыр тәбиятлы лирикалық қаҳарман бала күнлеринен баслап тәбият шайдасы болып өседи. Туўған топырағын, өз аўылын жанынан бетер жақсы көреди («Үлкен жолдан шетте усы аўылды көрип турмасам кеўлим кеншимес...»). Ондағы аң-қус, ҳайўанатлар дүньясы ол ушын оғада ысық! Сол ушын да ол бул тәбиятқа абайлап қатнас жасайды, оған болған ҳәр қандай жәбир-жапа ҳәрекетлерге жаны сескенип кетеди, оған қайырхомлық еткиси келеди:

Кетип баратырсам таныс соқпақтан,
Қулаққа бир ҳәлсиз сес келип жетти,
Палапан екен ол шыйқылдап атқан,
Аяныштан жаным сескенип кетти.
Уясы бузылған шөби шашылып,
Шеңгелликке кирдим тырналып әсте,
Сары аўзы топыраққа басылып,
Жерде жатыр қус баласы нәресте.[3]

Шебер дөретиўши, өз дәўириниң уллы шайыры И.Юсупов та өзиниң дөретиўшилик жолы даўамында пүткил тиришилик әлеминиң барлық тәреплерин көркем-әдебий тәризде сәўлелендириге урынады. Ол жаратқан ҳәр бир шығарма, ҳәр бир образ өзиниң әпиўайылығы, инсан қәлбин ләрзеге салыўшы күши ҳәм әлбетте турмыс шынлығын баянлаўы менен ажыралып турады.

«Тәбият пенен жайлаў, сахра менен теңиз, дәрья менен көллер, ғаз-торғайлар менен тиллесетуғын халықтың тили бай болады. Оның ойлаў дүньясы көбинесе образлы болады. Ибрайымның қосықлары - әне усы халық жүрегиниң дүрсилдеп соғысы, усы халық турмысының айқын көриниси, тутас бууўыны. Бул қосықлар халық жүрегин, тәбият тилин перзентлик, азаматлық сезими менен терең уғынып, жан күйдирип жырланған қосықлар»[4] -деген еди белгили өзбек шайыры Зулфия.

---

[3] И.Юсупов.Таңламалы шығармалары. III том. Нөкис., «Билим». Б-303-303
[4] Юсупов И. «Кеўилдеги кең дүнья». Нөкис, «Қарақалпақстан». … Б-7

«Бүлбил уясы» поэмасы өзиниң қызықлы сюжет қурылысы, рәңбе-рәң образлар дүньясына ийе екенелиги ҳәм тәкирарланбас көркем-композициялық дүзилиси менен шайыр дөретиўшилигинде өз алдына орын ийелейди. Шығарманың тийкарғы идеясы инсанлардың бири-бирине садықлығы, меҳир-мүриўбетли болыўы, тынышлықты қәдирлеў ҳаққында болып, ўақыялар барысында инсан ҳәм қуслар образын параллель түрде сәўлелендиреди. Поэмада шайыр бүлбилди тәбияттың рәмзи сыпатында сүўретлейди. Яғыный, уясынан айрылған бүлбил образы арқалы адамларды тәбиятты асыраўға, бизди қоршаған әтираптағы тиришилик ийелерине итибар менен қараўға шақырады. Сондай-ақ шығармалардағы лирикалық шегинислерде, айырым қатарларда да көплеп қуслар образлары бериледи. Бул образлар көркемлиги жағынан жетилискен түрде поэманың мазмунына, идеясына тиккелей байланыстырылған ҳалда сәўлелендирилген.

Шайыр туўалған жериниң гөззал тәбиятын, ҳәр бир қарыс жерин де қәдирледи ҳәм өмири даўамында сүйип жасады. Оның қайсы шығармасын алып қарасақта тиришилик ағзаларының өзине тән ҳарекетлери, жасаў тәризи ҳаққында образлы түрде сөз етеди. Шығармалар қатардан-қатарға тематикалық жақтан тереңлесип, тәбиятты асырап-сақлаўға, бүгинги күндеги үлкен экологиялық машқалалардың шешимин табыўға ийтермелейди. Бул ҳалат өз гезегинде шайырдың ҳәр бир шығармасында ҳәр қыйлы рәмзий мәнидеги образлар арқалы сәўлелендириледи.

Улыўмаластырып айтқанда, И.Юсуповтың қосықларына тематикалық ҳәрқыйлылық тән. Оларда ҳәр бир дәўирдиң өзине тән проблемалары көтерилген. Лирикалық қосықларда публитсистикалық сыпат пенен лиризм қарысып кеткен ҳәм өзиниң эстетикалық тәсирин күшейткен. Шайырдың пикирлери философиялық тереңлиги, аўыспалы образлы мәниге символикалық характерге ийе болыўы менен қосықтың көркемлилигин арттырады. Булардың барлығы да шайырдың илаҳийда талантының, машақатлы изленислериниң жемиси.